

Janet T. Mills
Governor

Jeanne M. Lambrew, Ph.D.
Commissioner



Maine Department of Health and Human Services
Office of MaineCare Services, Member Services
11 State House Station
Augusta, Maine 04333-0011
Toll Free: (800) 977-6740; TTY: Dial 711
Fax: (800) 314-8775

Tès COVID-19, Tretman, ak Kouvèti Vaksinasyon pou moun ki pa gen Asirans

Mizajou 11 Me 2021

Gid sa a te ajou pou endike tretman ak vaksinasyon COVID-19 kounye a kouvri pou moun ki pa gen asirans yo nan dat 11 Mas 2021.

Kisa tès COVID-19, tretman ak kouvèti vaksinasyon ye?

Chwa kouvèti sa a bay asirans pou vaksen COVID-19, tès ak dyagnostik COVID-19, ak tretman pou COVID-19 pou moun ki pa gen lòt asirans sante. Sa a gen ladan tès la li menm ansanm avèk vizit klinik ki gen rapò ak evalyasyon. COVID-19 souvan rele kowonaviris.

Si mwen pa gen asirans sante, èske pri yon tès COVID-19, vaksen, oswa tretman ap kouvri?

Wi, ou ka kalifye pou kouvèti vaksen COVID-19, tès, sèvis ki gen rapò avèk tès, ak tretman. Si ou kalifye, MaineCare ap peye pou sèvis sa yo. w ap kalifye si ou ap viv nan Maine:

- Ou se yon sitwayen Ameriken, yon sitwayen Ameriken, oswa imigran kalifye; epi
- Ou pa gen asirans;
 - Pa elijib oswa enskri pou MaineCare oswa Cub Care;
 - Pa enskri nan yon lòt pwogram swen sante gouvènman federal la finanse, sa ki gen ladan: Medicare, TRICARE ak Administrasyon Veteran, ak plan sante anplwaye federal epi ou
 - Pa enskri nan yon gwoup plan sante oswa lòt kouvèti asirans sante.

Yo pa konte revni ak byen ou pou kouvèti tès, tretman, oswa vaksinasyon pou COVID-19.

Ou pral bezwen pou ranpli yon [aplikasyon](#) rapid ak fasil nan fason pou resevwa kouvèti tès, tretman, vaksinasyon ak sèvis dyagnostik pou COVID-19. Nan moman aplikasyon an, yo pral mande ou pou sètifye ou pa gen kouvèti asirans sante.

Pou kisa mwen ta dwe aplike pou tès, tretman, ak kouvèti vaksinasyon pou COVID-19?

Si ou fè tès, trete, oswa vaksinen pou COVID-19 san kouvèti asirans sa a oswa lòt kouvèti asirans, ou ka resevwa yon bòdwo pou sèvis yo. Si ou panse ou ka genyen COVID-19 e pwofesyonèl swen sante ou aksepte ou ta dwe fè tès la, li enpòtan pou fè sa nan fason pou gen enfòmasyon ou bezwen pou ede prevni fanmi, zanmi, ak lòt moun vin malad.

Èske gen yon delè limit pou aplike pou tès, tretman, ak kouvèti vaksinasyon pou COVID-19?

MaineCare rekòmande ou aplike pou kouvèti anvan ou fè tès oswa resevwa sèvis ki gen rapò avèk tès, vaksen, oswa tretman, si posib, kòm sa a pral redui chans w ap resevwa yon bòdwo nan men pwofesyonèl swen sante pou sèvis sa yo. Men, pandan kouvèti sa a disponib sèlman pou sèvis yo te founi pandan Ijans Sante Piblik la (PHE), ou pral gen jiska twa mwa apre ou fin resevwa vaksen an, tès, sèvis ki gen rapò avèk tès yo, ak/oswa tretman pou aplike pou kouvèti espesyal sa a. Si ou apwouve ou pa pral gen pou peye pou tès COVID-19 ak sèvis yo ki gen rapò, vaksen an, ak/oswa tretman si ou te resevwa sèvis sa yo pandan PHE. Aplikasyon an ap disponib pou twa mwa apre fen PHE a. Si yo apwouve asirans ou, ou ta dwe kontakte pwofesyonèl swen sante ou pou fè yo konnen yo kapab voye bòdwo ba MaineCare pou sèvis sa yo olye yo voye bòdwo bavoye bòdwo ba

Ki sèvis ki kouvri?

Si ou elijib, tès pou dyagnostik COVID-19 kouvri, ansanm avèk kèk sèvis ki gen rapò tankou vizit klinik ak evalyasyon. Rele pwofesyonèl swen sante ou anvan ou ale wè yo, kòm yo kapab anmezi pou evalye ou nan telefòn oswa pa videyo pou wè si ou ta dwe teste ak/oswa bezwen yon vizit fas-a-fas. Konsiltasyon “telesante” pa videyo oswa telefòn sa yo kouvri tou. Ou pa pral bezwen peye pou tès la oswa lòt sèvis ki kouvri. Vaksen COVID-19 la disponib tou gratis, ak sèvis ou resevwa pou trete yon dyagnostik COVID-19 ap kouvri.

Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou vaksen COVID-19?

Yo mete kanpe sit vaksinasyon yo toupatou nan Maine, epi chak sit pwograme pwòp randevou yo. Ou kapab vizite: <https://www.maine.gov/covid19/vaccines> pou aprann plis sou sit vaksinasyon yo ki toupre ou ak kijan pou mete yon randevou. Si ou pa gen aksè avèk sit entènèt la oswa si ou bezwen plis asistans pou jwenn yon randevou, ou ka rele Liy Vaksinasyon Kominotè Maine COVID-19, sa ki disponib pou ede moun Maine jwenn aksè enfòmasyon sou klinik vaksen yo. Liy Vaksinasyon Kominotè a ka sipòte moun Maine tou ki bezwen asistans pou entèpretasyon, èd avèk transpò, kapab rete nan kay, oswa si ou gen lòt kesyon sou resous nan zòn yo. Pou kontakte liy Vaksinasyon an, rele 1-888-445-4111. Moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tande ka jwenn aksè nan liy vaksinasyon an lè yo konpoze 711 epi mande pou konekte nan 1-888-445-4111.

Si ou pa gen yon veyikil oswa lòt fason pou ale nan randevou vaksinasyon an, Depatman an ka ba ou sèvis transpò pou randevou ki pwograme yo apati 7:00am - 4:00pm. Depatman an ap travay avèk òganizasyon ModivCare pou bay sèvis transpò pou moun ki bezwen èd pou ale nan randevou vaksinasyon yo **anvan**. Omwen 48 èdtan anvan randevou vaksen ou an, rele ModivCare nan 1-855-608-5172 pou rezève yon kous. Lè ou rele ModivCare, tanpri gen enfòmasyon ki annapre yo disponib:

- Dat ak lè randevou
- Non, adrès, ak nimewo telefòn sant medikal an kote ou ap resevwa vaksen an, si ou gen l
- ID MaineCare, si ou genyen l

E si mwen te deja vaksinen, teste, ak/oswa trete pou COVID-19 ak resevwa yon bòdwo?

Kouvèti tès pou COVID-19 pou moun ki pa gen asirans nan dat 18 Mas 2020. Ou ta dwe toujou aplike pou wè si ou aplike pou kouvèti. Pa egzanp, si ou te teste nan dat 30 Avril 2020, ou gen jiska 30 Jiyè 2020 pou soumèt yon aplikasyon ak resevwa kouvèti. Chwa kouvèti sa a disponib jis nan dènye jou Ijans Sante Piblik la, men nou pral kontinye pwosesis aplikasyon an apre fen ijans lan.

Si ou aplike pou kouvèti sa a ak kalifye, ou ta dwe kontakte pwofesyonèl swen sante ou pou yo kapab voye bòdwo ba MaineCare for tès COVID-19 la epi pa kontinye voye bòdwo ba ou pou nenpòt tès ak sèvis dyagnostik ou te resevwa. Si ou te deja peye bòdwo w, ou pral bezwen pou mande pwofesyonèl swen sante ou pou ranbouse ou epi mande pou yo voye bòdwo ba ou. MaineCare pito kidonk yo kapab ranbouse.

Kouvèti vaksen COVID-19 ak tretman efektiv nan dat 11 Mas 2021, epi ou pa ta dwe resevwa yon bòdwo pwofesyonèl swen sante ou ou..

E si mwen resevwa lòt sèvis swen sante lè map resevwa sèvis ki gen rapò avèk COVID- 19?

Si ou resevwa sèvis ot sila yo ki gen rapò avèk tès, tretman oswa vaksen pou COVID-19, pwofesyonèl swen sante ou ka ba ou bòdwo pou sèvis sa yo.

Kijan mwen ka aplike pou tès COVID-19, tretman, ak kouvèti vaksinasyon?

Aplike pou kouvèti sa a fasil! Ou pral bezwen pou konplete [aplikasyon](#) yonsèl paj ki disponib sou paj entènèt Biwo pou Endepandans Fanmi [Office for Family Independence's (OFI)]. Ou kapab ranpli aplikasyon an elektwonikman oswa enprime li epi ranpli alamen. Ou kapab retounen aplikasyon yo nan MaineCare atravè imèl, oswa faks. Mande pwofesyonèl swen sante ou pou enprime yon aplikasyon pou ou si ou pa gen sèvis entènèt.

Si ou ta renmen aplike pou MaineCare konplè, ou dwe ranpli tou dezyèm paj aplikasyon an pou enkli enfòmasyon sou revni ak byen yo.

Kliyan yo pou Swen Sante Bon Mache [Affordable Health Care (CAHC)] disponib nan 1-800-965-7476 pou reponn kesyon yo epi ede ou nan pwosesis aplikasyon an. Yo kapab ede ou konprann tou ki diferan chwa kouvèti asirans ki kapab disponib pou ou.

Ki kote mwen dwe retounen aplikasyon an?

Ou ka soumèt aplikasyon ou nan nenpòt fason ki annapre yo.

Lapòs: Office for Family Independence
State of Maine - DHHS
114 Corn Shop Lane
Farmington, ME 04938

Imèl: farmington.dhhs@maine.gov

Faks: 1-207-778-8429

Kijan map fè konnen si aplikasyon mwen an te apwouve?

Si yo jwenn ou kalifye, ou pral resevwa yon avi ki di ou te apwouve epi enskri nan kategori asirans Maine Rx. Maine Rx se yon pwogram asistans preskripsyon pou ede avèk pri medikaman preskripsyon yo, men nap enskri moun ki pa gen asirans yo nan kategori sa a kidonk nou kapab bay kouvèti pi rapidman. Lè ou enskri nan pwogram sa a, ou pral kalifye tou pou resevwa preskripsyon rabè avèk Maine Rx card ou.

Si ou ranpli toulède paj aplikasyon an, yo pral revize asirans pou MaineCare e ou pral resevwa yon avi pou enfòmasyon ou sou desizyon an. Si ou apwouve, avi a ap di ou kilè kouvèti MaineCare ou ap kòmanse. Si yo refize ou MaineCare, avi a ap di pou kisa yo te refizevowe bòdwo ba

Kimoun pou mwen rele si mwen gen kesyon?

Si ou gen kesyon osijè pou aplike pou kouvèti tès COVID-19, tanpri kontakte Biwo pou Endepandans Fanmi [Office for Family Independence (OFI)] nan 1-855-797-4357. Itilizatè TTY yo konpoze 711.

Si ou gen kesyon sou sèvis ki kouvri yo, tanpri rele Sèvis Manm MaineCare nan 1-800-977-6740. Itilizatè TTY yo konpoze 711.